

Li nomal pou ou gen kesyon sou vaksen KOVID-19 lan. Men kisa ou ta dwe konnen.

LI SAN DANJE EPI LI EFIKAS.

Anvan yo te apwouve, tout vaksen yap itilize kounye a yo te teste san danje sou dè milye de moun, plis pase 120 milyon moun pren vaksen yo deja. Efè segondè grav yo ra anpil.

LI KA EDE JEN MOU KI AN BON SANTE TOU.

KOVID-19 ka grav pou nenpòt moun. Pwoteksyon ou jwenn nan vaksen an se pa sèlman pou tèt ou, men pou lòt moun ki antoure ou. Plis moun ki pran vaksen an, mwens viris la ka kontinye transmèt epi pi vit nou ka soti nan pandemi sa a.

TOUT TWA VAKSEN YO DIMINYE RISK POU W TOMBE MALAD GRAV.

Tout twa vaksen yo trè efikas epi anpechew entènè lopital oubyen mouri a 100 pousan. Menn si ou vin malad, risk pou w ta nan bezwen ale nan lopital la oswa mouri prèske pa egziste.

**Pou jwenn yon sit vaksinasyon tou
pre ou oswa pou plis enfòmasyon
sou vaksen yo, vizite
www.MwenTeFeLi.com.**

OU PRAL PWOTEJE FANMI OU AK LTHT MOUN KI ANTOUW.

Mete yon mask, kenbe rasanbleman ti, epi kenbe distans sosyal ede anpeche ou ekspoze a COVID-19. Vaksen an ap ede kò ou konbat viris la si ou ekspoze epi anpeche viris la gaye bay moun ki bò kote ou yo. Ou pral gen pwoteksyon ki pi bon si ou itilize tout bagay sa yo ansanm.

OU PA KAPAB JWENN COVID- 19 NAN PRAN VAKSEN

Ou ka santi kèk doulè tanporè sou bra ou, kote yo te mete piki a, doulè nan misk oswa jwenti, yon tèt fè mal, fatig, frison oswa yon lafyèv ki ba. Sa jis vle di sistèm iminitè ou a ap choute epi vaksen an ap travay.



**MWEN
TE FE LI**

Jwenn enfòmasyon ou bezwen pou pran pi bon desizyon pou fanmiy ou.

GRATIS!

Epi se pou tout moun! Lè ou pran randevou a, yo ka mande w bay kat asirans sante ou. Menm, si ou pa gen asirans ditou, wap toujou pran vaksen an gratis.

TOUT VAKSEN YO TE TESTE AN ANTYE.

Tout vaksen KOVID-19 ke yo yap itilize yo te pase nan menm tès de sekirite yo epi yo satisfè menm estanda ak nenpòt lòt vaksen ki te pwodwi nan ane sa yo. Anplis de sa, gen yon sistèm an plas atravè tout peyi a ki pèmèt Ministè La Sante pou Kontwòl Maladi kontinye ap kontwòle pou nenpòt pwoblèm ki ta gen, epi asire vaksen yo rete san danje.

OU PA BEZWEN PATAJE ESTATI IMIGRASYON OU.

Vaksen KOVID-19 yo disponib pou tout moun kap viv nan Florid la, kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou. Enfòmasyon pesonel ou ap pwoteje.

LÈ OU GEN DOUT, PALE AK YON DOKTÈ

Si ou gen kesyon espesifik sou sante ou, epi si vaksen an bon pou ou, mande yon pwofesyonèl sante! Menm si ou pa gen dokte abityèl, ou ka jwenn yon founisè swen sante gratis oswa youn a bon pri nan “findahealthcenter.hrsa.gov.”

VAKSEN YO DISPONIB KONYEA.

Tout moun kap viv nan Florid la, ak eksepsyon timoun ki pi piti yo, kounye a elijib pou pran vaksen an, ki disponib nan pifò sistèm lopital, sit vaksinasyon ki opere pa Depatman Sante Florid la, òganizasyon kominotè yo ak minisipalite yo epi divès detayan ak famasi.

Pou jwenn yon sit vaksinasyon tou pre ou oswa pou
plis enfòmasyon sou vaksen yo, ale nan

www.MwenTeFeLi.com

POWERED BY

